
InfoVIHtal
INFORMACIÓN BÁSICA SOBRE EL VIH
186
EDICIÓN 2022
WOLOF

# Herpès ak diangoro VIH




**Herpès diangoro bo khamné la daye fégne si sa souffou dérou yarame, li koye diokhé moye bou béne si khétou domou diangoro ndougué si sa yarame. Guiss nanou né migui gueuna beurry si nite ngi amé diangoro VIH, name noumou meuna tolou domou diangordji si séne bire yarame.**


## Lane mo goye diokhé?

Diangoro herpès li koye diokhé moye liye diokhé fébarou kamati. Amone fébarou kamati si ates you gnou passé, dou takhe gueu meuneu ame diangoro herpès. Li koye warale moye domou diangoro dji meuna nék si sa yarame ates you beurri di nélawe si lou dess si doundeume. Amna nite ngo khamné meuna bagna yéwou khamass, gno khamné dina yéwou diokhe léne diangoroye herpès.


## Ndakhe beurry diangoro herpès?



Béne si niaty nites you néke dina amé diangoroye herpès si doundeume.



Niarre si niaty fégnou diangorodji, mi ngui amé si nite gni amé lou eupeu 50 si ayes ates.




Amé diangoro herpès, eupéna niaty 3 yones si nites gni amé diangoro VIH


# Herpès ak diangoro VIH

## Niane la gueuneu doye ware si niome?

Boudé ndaga amé dompu diangoro yi, diabéte, fébarou noyi bouye diape sayes poumons, diangoroye reins, febarou ak yakhes, wala diangoro bou sa boutite di néwy.

Bou amé lou eupeu 50 si ayes ates

Boudé ndaga amé stréssou khéle ak khalate




Boudé doumou diangoro dji tolou na si 200 dome si tokou déréte bou tolou si mm$^3$ si CD4


Boudé danou la diokhe béne thieure bou bénéne nite wala youke bou bénéne nite

Bo amé cancer


Li mouye téki:
LES: Fébarou dére bou lakhatou
EII : Diangoro bou sa boutite di néwy

## Nane laye fégné?


Fégnou diangoroye herpès, gni ngui koye ragné ak néwy néwy ayes sidites si sa soufou dérou yarame.




1. Si nimouye fégné: daye mélni dangaye ame ayes sankhalégnes youye dokhe si sa yarame, wala ayes métites si sa dérbi, métitou boppe wala yarame bou nagame.
2. Fégne fégne si soufou dérou yarame : Ayes eures dina gnou fégne si sa yarame, bou ayes fanes wéssso binga yégué ayes métites.
3. Métite: Li chi eupeu métite bou tare si fi eures yi guéneu bou ande ak khassane.
4. Toche tochou néwy néwy yi: Toche tochou bou dieukeu bi, dagne fégne aka yes piches you touti. Piches yoyou danouye reuye, déff deuteu dadi oubékou téke dére bou dé si khawe. Dére bou dé bobou, si dirou 2 bachi 4 semaines dina danou bayi fa apeu léguéte.



**95% you nites gni ames lou eupeu 50 si ayes ates, dina gnouye ame ayes métites you gnouye bolé ak herpès**



**60-70% you nites gni dana gnouye continuer ayes ayes métites you tare si lou rombe 1 wére binou guissé mou fégne herpès si séne yarame**

# Herpès ak diangoro VIH

Li eupeu si cahou herpès yi, dina gnouye wére sans nga fadjou dara wala gnou wére ak garabe, dounou indy tamite béne diafé diafé si yawe. Amna si nite gnou touti gno khamné, herpès bobou meuna indy yénéne khétou diangoro, you mélni:

## Fébarou ayes sidite bo dialé herpès bi :



Bachi 30%

**Khétou métite bou tare bouye yague, si nites gnou beurry dina takhe dounou meuneu déffe dara, lolou meuna yague si gnomes ayes wéres wala ayes ates. Moye diafé diafé bi chi gueneu beurry.**

## Herpès biye diapeu ayes beuteux :



10-20%

**Dina indy ayes diafé diafés youyes lales sayes beuteux, bou yagué meuna indy niake guiss guiss.**

## Meune nanou ko waleu bénéne nite?

**01**


Nite ki amé diangoro herpès meuna waleu domou diangoroye kamati béne nite bo khamné meussoula ame diangoro kamati té meussoula niakou ndakhe meuna mouche si diangoro dji.


**02**

Li chi eupeu, walanté bi mi ngui amé boudé ndaga lale directement gome bou oubékou bi bo amé herpès bi.

**03**

Boudé amone nga ko si li dialeu, bounou laye waleu, kamati la nou laye waleu, wanté dédéte herpès.






186
EDICIÓN 2022
WOLOF

# Herpès ak diangoro VIH

## Meune na nou chi mouche?

Amneu niakou bounou déffarate bo khamné dina leu meuneu mouchal si herpès bi ak diangoroye sidite yi chiye diogué boko amé ba paré si nites gni amé lou eupeu 50 si ayes ates.

Ndiengueule nanou ko tamite, nite gni nga khamné, meune nanou ame ayes risk, diambares yiyes khékhes diangoro si séne bire yare, dano néw dolé si lo mélni (VIH) bounou amé 18 si ayes ates.




Niakou bi, dina gnou koye yombale, nites gni amé diangorye VIH bou ande ak dale, té gnouye dieure séne garabes biye khékhe domou diangoro si dire bou ague si béne ate.

Nites gni amés diangoroye VIH, dina gnouye niakou niarry nione si dirou niarry wéres.

## Meune nanou ko fagne?

Beurry na ayes yones younou meuna diarre ba fagne diangoro herpès bi :

### Liye khékhe domou diangorodji :

Pagne mome di safara herpès bi, mi gui si liye khékhe domou diangoro dji, dina takhe dou tasse, dina wagni pache mi bou fégné si sa yarame, bolé chi dina la mousseule si ayes diafé diafés bo rombé diangoro dji.

### Wagni météite yi :

Li gni chi dioublou, moye wagni météite you méti yi meuna andeu ak diangoroye herpès bi, li laye diokhe ayes garabes you mélni drogue wala déte si tarouwayou météite bi.

### Météitou sidite bo dialé diangoro herpès bi :

Wagni météite you tar yi téye yague, dina nék si beugue beugue yi ndakhe ame ame pache bo rombé domou diangoro dji ak ayes khétou garrabe you beurry. You mélni (you la dimbeulé si bo amé crise bou mélni saye, garrabes yiyes wagni météite, wala garrabame réke etc…)

grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO

¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS
Tel. 93 458 26 41

**Dou sounou responsabilité**

Khibar yi gnou khatime fi si kéyite bi, soublou wounou chi, sopi khibar gni ngaye diote si sa doctor. Bépeu decisión boye dieule si sa wérgou yarame, war nga ché wakhe ak gni séne khame khames mache si wérgou yarame. Khibar yiyes dieume si wérgou yarame, meuna sopékou si lou gawe.

Boudé binga liré kéyite bi ba paré, gni ngui laye digueule nga séti sa doctor ak enfirmière wala nga wognou a gTt-VIH si numéro telephone bi 93 458 26 41 pour thiaytou ndakhe amoul khibar you béss.

SUBVENCIONA

GOBIERNO DE ESPAÑA
MINISTERIO DE DERECHOS SOCIALES Y AGENDA 2030
POR SOLIDARIDAD
OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL

Generalitat de Catalunya
Salut/ Agència de Salut Pública de Catalunya
Diputació Barcelona | Àrea d'Igualtat i Sostenibilitat Social
Ajuntament de Barcelona

COLABORA

ETIS
EQUIP DE TREBALL SOBRE INMIGRACIÓ I SALUT
Vall d'Hebron Barcelona Campus Hospitalari
eSPiC Equip de salut pública i comunitària

www.gtt-vih.org

SI TE HA PARECIDO ÚTIL Y INTERESANTE EL CONTENIDO, COMPÁRTELO.